ku wax: radiiitu bil-Laahi Rabban, wa bi Muhammadin Rasuulan, àjjana war na ci moom

Jële nañu ci Abii Sahiid Al-Xudrii -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yonente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: "ku wax: radiiitu bil-Laahi Rabban, wa bi Muhammadin Rasuulan, àjjana war na ci moom".

[Wér na] [Abóo Daawuda soloo na ko]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xamle ne ku wax: gërëm naa Yàlla muy sama Boroom di Aji-Moom ji di Sang bi di Aji-Yéwénal ji, gërëm lislaam ci mbooleem ay àtteem ci ay digle ak i tere Muy sama diine ci pas-pas ak wommatul ko, gërëm Muhammat muy Yónenteem di ku ñu soloo; lépp lu ñu ko yónni mu jottali nu ko, lu dul ne àjjana war ci moom.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/65906